

### **BAB III**

## **METODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, alur panalungtikan, sarta analisis data.

Sacara umum métode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan tujuan jeung mangpaat anu tangtu (Sugiyono, 2012, kc. 3). Métode panalungtikan téh mangrupa hiji tarékah anu dipaké pikeun ngahontal hiji tujuan. Kitu ogé anu ditétélakeun ku Arikunto (1996, kc. 150) yén métode panalungtikan téh nyaéta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan.

Dumasar kana rumusan jeung tujuan nu hayang dihontal, métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode kualitatif. Kalayan pidangan data anu déskriptif nyaéta mangrupa métode anu ngungkulan pasualan nu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun, atawa milah-milah, dipasing-pasingkeun, analisis sarta nafsirkeun data. Luyu jeung pamanggih Sukmadinata (2009, kc. 72) anu nétélakeun yén métode déskriptif téh nyaéta mangrupa métode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa fénoména, boh anu sifatna alamiah boh jijiyeunan atawa rékayasa, kalayan museurkeun ulikanana kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaran sarta bédana jeung fénoména lianna. Ratna (2008, kc. 45-46) nétélakeun yén métode kualitatif déskriptif téh nyaéta

**Alan Sunda Laksana, 2021**


***ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN  
CARPON LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA***

**Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)**

métode anu ngagunakeun penapsiran, pikeun mertahankeun hakékát ajén-ajén dina wangun déskriptif.

### 1.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rancangan prosés pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan-pasualan panalungtikan. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti di handap.



**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

Alan Sunda Laksana, 2021

*ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN  
CARPON LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1 ngandung ma'na yén ieu panalungtikan téh dimimitian ku nangtukeun masalah, ngumpulkeun data ngagunakeun instrumen datana nyaéta kartu data. Satulunya data dianalisis struktur jeung psikologi sastra, didéskripsikeun datana, kalayan pamungkas nyieun kacindekan.

Alan Sunda Laksana, 2021

***ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA DINA KUMPULAN  
CARPON LALAKON KADALON-DALON KARYA DERI HUDAYA PIKEUN BAHAN  
PANGAJARAN MACA CARPON DI SMA***

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

## **1.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan**

Ieu di handap dipidangkeun data jeung sumber data dumasar kana objek panalungtikan nyaéta Kumpulan Carpon Lalakon Kadalon-dalon karya Deri Hudaya.

### **1.2.1 Data**


Data anu ditalungtik tina ieu kumpulan carpon sakabéna aya 11 carpon, kalayan judul-judulna dipedar di handap.

1. *Nu jadi Anjing Di Leuweung Peuting;*
2. *Lalakon Kadalon-dalon;*
3. *Kuring, Awéwé, Atawa Duit;*
4. *Wirahma Odé Hujan Nopémber;*
5. *Nyelang Sawatara Regot Tina Sirop Revolusi;*
6. *Nu Rugrug Manjing Waktu;*
7. *Perkara Gedong Di Bumi Rongkéng;*
8. *Asbak Taneuh;*
9. *Si Panyajak Oni;*
10. *Carpon Si Oni;*
11. *Dalika Raja Kota.*

### **3.2.2 Sumber Data Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék timana asalna data. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun téhnik dokumentasi. Sabab dina néangan datana, panalungtik ngalakukeun observasi kana data mangrupa benda. Sumber utama tina ieu panalungtikan nyaéta téks karya sastra anu mangrupa carpon. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas buku kumpulan carponna.

Judul Buku : Lalakon Kadalon-dalon  
 Jenis Buku : Kumpulan Carpon  
 Penulis : Deri Hudaya  
 Penerbit : Kentja Press  
 Tempat Terbit : Kertasari Ciamis  
 Taun Terbit : November 2018  
 Jumlah kaca : 92 kaca



**Gambar 3.1**

Cover buku kumpulan carpon Lalakon Kadalon-dalon karya Deri Hudaya

Buku kumpulan carpon Lalakon Kadalon-dalon mimiti diterbitkeun taun 2018. Ieu buku kawengku ku 11 carpon anu pangheubeulna ditulis ku pangarang taun 2009 nepi ka pang anyarna nyaéta taun 2013. Saméméh di bukukeun, masing-masing carita pondokna kungsi dimuat dina sababaraha média citak kayaning Manglé, Galura, Pikiran Rakyat, jeung Tribun jabar dina waktu anu béda-béda. Ieu di handap pedaran lengkep ngeunaan judul carpon jeung média citak anu kungsi nerbitkeunana.

**Tabel 3.1**  
**Judul Carpon**

No	Judul Carpon	Penerbit	Tanggal Terbit
(1)	(2)	(3)	(4)
1.	<i>Nu Jadi Anjing Di Leuweung Peuting</i>	<i>Manglé</i>	25 Nopémber - 1 Desember 2010
2.	<i>Lalakon Kadalon-dalon</i>	<i>Galura</i>	Edisi II Oktober 2013
3.	<i>Kuring, Awéwé, Atawa Duit</i>	<i>Tribun Jabar</i>	23 Juli 2011
4.	<i>Wirahma Odé Hujan</i>	<i>Pikiran Rakyat</i>	24 Maret 2013

	<i>Nopémber</i>		
5.	<i>Nyelang Sawatara Regot Tina Sirop Revolusi</i>	<i>Pikiran Rakyat</i>	15 Juli 2012
6.	<i>Nu Rugrug Manjing Waktu</i>	<i>Tribun Jabar</i>	13 September 2011
7.	<i>Perkara Gedong Di Bumi Rongkéng</i>	<i>Manglé</i>	21 – 27 Pébruari 2013
8.	<i>Asbak Taneuh</i>	<i>Manglé</i>	21 – 27 April 2011
9.	<i>Si Panyajak Oni</i>	<i>Manglé</i>	4 – 10 Juli 2013
10.	<i>Carpon Si Oni</i>	<i>Tribun Jabar</i>	2 April 2011
11.	<i>Dalika Raja Kota</i>	<i>Manglé</i>	17 – 23 Mei 2012

### 1.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka dipaké pikeun nalaah sajumlahing teori anu aya patalina jeung panalungtikan. Sedengkeun analisis téks dipaké pikeun neuleuman bahan anu geus dikumpulkeun tuluy diteuleuman nepi ka kapanggih eusina sarta jejer panalungtikan.

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling utama dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data. Arikunto (2013, kc. 274) nétélakeun yén métode dokumentasi nyaéta cara néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, surat kabar, majalah, prasasti, notulén rapat, legger, jeung agénda.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dipilampah saperti ieu di handap:

- a. Maca kumpulan carita pondok *Lalakon Kadalon-dalon*,

- b. Nyieun klasifikasi carpon dumasar kana téma,
- c. Nyieun klasifikasi carpon dumasar aspek psikologis,
- d. Nyalin data nu geus dianalisis kana kartu data,
- e. Ngumpulkeun data nu geus kapanggih.

Salian ti léngkah léngkah ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan.

### 3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Pikeun mikanyaho struktur carita sarta aspék psikologis anu aya dina sumber data, diperlukeun hiji instrumén panalungtikan. Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta lembar analisis saperti di handap.

#### **Kartu pikeun Ngumpulkeun Data**

Nomer	:
Analisis	:
Cutatan	:
Keterangan	:

### 3.4 Téhnik Ngolah jeung Ngalalisis Data

Sabada data dikumpulkeun ngaliwatan lembar analisis, tuluy data nu dikumpulkeun téh dianalisis ngagunakeun pamarekan struktural jeung psikologi sastra.

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan dipilampah saperti ieu di handap :

- a. Niténan deui data nu geus dikumpulkeun
- b. Nyieun papasingan data struktur jeung aspék psikologis carpon

- c. Analisis struktur carita jeung aspék psikologis
- d. Ngadéskripsikeun struktur carita jeung aspék psikologis
- e. Nafsirkeun struktur carita jeung aspék psikologis
- f. Nyieun kacindekan